

data	done	enfòmasyon yo jwenn nan esperyans; kèk fwa yo rele yo rezilta esperimantal.
death rate	to mòtalite	kantite lanmò ki fèt pou chak mil moun nan yon ane.
decibel	desibèl	Inite mezi pou nivo son; li ka dekri tou puisans ak entansite onn sonò yo.
deciduous plants	plant ki gen fèy kadik	plant ki jete tout fèy chak sezon otòn oswa lè dlo ra oswa lè pa gen dlo; yon adaptasyon pou diminye pèt dlo lè pa gen dlo.
decomposers	dekonpozè	òganis, tankou chanpiyon ak bakteri, ki dekonpoze ak absòbe eleman nitritif nan òganis ki pa vivan.
decomposition reaction	reyaksyon pa dekonpozisyon	Se yon reyakasyon chimik ki fèt lè yon konpoze senp dekonpoze de (2) oswa plizyè eleman oswa an nouvo konpoze.
deep-sea trench	tranche soumaren	Depresyon long ak etwat nan fon lanmè ki ka devlope sou plizyè milye kilomèt; se pati ki pi fon basen oseyan an, epi yo jwenn li espesyalman nan Oseyan Pasifik.
deforestation	debwazman	Abatman pyebwa nan zòn ki gen forè san fè replantasyon apwopriye yo, souvan avèk metòd koupaj ablan, sa ki ka lakòz pèt kouch tè arab la ak polisyon dlo.
delta	dèlta	Depo triyangilè ki konpoze souvan avèk patikil limon ak ajil; depo a fòme kote yon wiso antre nan yon gwo etandi dlo.
demography	demografi	se etid karakteristik popilasyon tankou to kwasans, estritik laj ak distribisyon jeyografik.
denaturation	denaturasyon	Pwosesis boulvèsman yon estrikti tridimansyonèl konplèks ak natirèl yon pwoteyin.
dendrite	dandrit	ekstansyon yon newòn ki sanble ak branch; li pote enfli nève nan direksyon kò selilè a.
dendrochronology	dandwokwonoloji	Syans konparezon zanno kwasans nan pyebwa yo date evènman yo ak chanjman yo nan anvivònman an.
density	dansite	Yon rapò ki konpare mas yon objè ak volim li.
deoxyribonucleic acid (DNA)	asid dezoksiribonikleyik (ADN)	se yon asid nikleyik; se kopi kòd enfòmasyon yon òganis ki gen enstriksyon ki itilize pou fòme anzim ak pwoteyin estriktirèl yon òganis.
dependent variable	varyab depandan	Faktè nan yon eksperyans ki ka chanje si varyab endepandan an chanje.

depletion layer	kouch deplesyon	Zòn ozalantou yon dyòd a jonksyon pnkote pa gen chaj kondiktè epi elektrisite a mal kondui.
deposition	depo	Fèt lè sediman yo kouche sou tè oswa anfonse anba yon etandi dlo.
depressant	depresè	kalite medikaman ki diminye oswa afebli aktivite sistèm nève a.
derived unit	inite derive	Yon inite ki defini selon yon konbinezon inite debaz.
dermis	dèm	pati anedan po a ki pi epè epi ki gen estrikti tankou vesò sangen, nè, tèminezon nève, folikil cheve, glann sidoripa ak glann sebace.
desalination	desalman	Pwosesis ki elimine sèl nan dlo oseyan pou pwokire dlo dous.
desert	deze	rejyon arid ki pa gen flò ditou oswa flò prèske pa egziste la; se byòm ki pi sèk, anjeneral ki resevwa mwens pase 25 santimèt presipitasyon pa an.
desertification	dezètifikasyon	Pwosesis kote tè arab la tounen dezè.
development	devlopman	tout chanjman ki fèt nan lavi yon òganis; se yon karakteristik tout kreyati vivan.
dew point	pwen lawouze	Tanperati kote lè a frèt a yon presyon konstan pou li satire; nan pwen sa a, kondansasyon an ka fèt.
diaphragm	dyafragm	nan mamifè yo, se feyè miskilè misk ki lokalize anba poumon ki separe pwatrin nan avèk kavite abdominal la.
dielectrics	dyelektrik	Se sibstans ki pa kondiktè—vè, lè ak dlo—kote onn elektwomayetik pase mwen vit pase vitès limyè nan yon vid.
diffraction	difraksyon	Devyasyon limyè ozalantou yon baryè.
diffusion	difizyon	mouvman nè owaza patikil ant yon zòn kote konsantrasyon an pi fò ak yon zòn kote konsantrasyon an pi fè, sa ki pèmèt distribisyon an ekita.
digital forecast	previzyon nimerik	Previzyon metewolojik ki itilize done an chif pou detèmine fason varyab atmosferik yo ap chanje pou yon peryòd tan.
dimensional analysis	analiz dimansyonèl	Yon metòd tretman inite tankou kantite aljebrik, ki ka anile.
dinosaur	dinozò	reptil latè ki te devlope yon pozisyon dwat epi ki te domine epòk mezozoyik la.
diode	dyòd	Se pi senp aparèy semi-kondiktè; li kondui chaj nan yon direksyon sèlman.

diploid	diployid	selil ki gen de (2) nan chak kalite kwomozòm; sa vle di selil la gen yon diployid oswa $2n$ ki se kantite kwomozòm yo.
discharge	devèsman	Mezi yon volim dlo wiso ki koule sou yon espas espesifik nan kantite tan patikilye.
dispersion	dispèsyon	Separasyon limyè blan an divès koulè avèk mwayen tankou pou yon prism an vè oswa goutlèt dlo nan atmosfè a.
displacement	deplasman	Yon chanjman an pozisyon ki gen mayitid ak direksyon; li egal a pozisyon final la mwens pozisyon inisyal la.
dissonance	disonans	Yon ansanm ton dezagreyab ki pa annamoni.
distance	distans	Yon kantite eskalè ki dekri longè ki separe yon objè ak kote li sòti a.
distillation	distilasyon	Yon teknik ki ka itilize pou fè separasyon fizik pifò melanj omojèn selon diferans nan tanperati pou sibstans ki konsène yo bouyi.
divergent evolution	evolisyon divèjan	evolisyon kote espès ki te sanble lontan ak espès zansèt yo vin diferan.
divide	demakasyon	Tè wo ki separe yon liy pataj dlo, basen drenaj oswa lòt.
division	divizyon	gwoupman taksinomik klas ki sanblab; tèm taksonomis plant yo itilize alapas filòm.
DNA replication	replikasyon ADN	pwosesis kote ADN kwomozomik lan kopye anvan mitoz la oswa meyozy la.
dominance hierarchy	yerachi dominan	konpòtman natirèl kote zannimo yo fòme yon klasman sosyal nan yon gwoup kote kèk ladan yo pi sibòdone pase lòt yo; anjeneral klasman an gen yon zannimo enpòtan.
dominant	jèn dominan	karakteristik yon òganis yo obsève ki maske fòm resesif yon karakteristik.
Doppler effect	efè Doplè	Chanjman nan frekans son akòz kouman swa sous son an, detektè son an oswa detektè ak sous son an.
dormancy	dòmans	peryòd inaktivite nan yon grenn adilt anvan jèminasyon.
dorsal	dòsal	sifas siperyè zannimo simetrik bilateralman.
double helix	doub elis	fòm molekil yon ADN ki fòme lè de (2) kouch ADN ki tòde woule nan yon estrikti tankou resò epi yo rete ini akòz lyezon idwojèn ki nan mitan baz yo.
doubling time	tan doubleman	tan ki nesèsè pou yon popilasyon double an kantite.

downburst	dawonnès	Van tanpèt vyolan ak nuizib ki konsantre nan yon zòn lokal.
drag force	fòs trene	Fòs yon fliyid egzèse sou yon objè ki an mouvman atravè fliyid la; fòs la depann de mouvman ak pwopriyete objè a, epi ak pwopriyete fliyid la.
drawdown	rabatman	Diferans ant nivo dlo a nan yon pui ki ponpe ak nivo idwostatik orijinal la.
drought	sechrès	Peryòd pwolonje presipitasyon fèb, anjeneral akòz chanjman nan rejim van yo, sa ki pèmèt sistèm wot presyon yo rete pandan plizyè semenn oswa mwa sou zòn kontinantal yo.
drug	dwòg	sibstans chimik ki afekte fonksyonman kò.
dry cell	pil sèch	Yon selil etektwochimik ki gen ladan yon pat elektwolitik imid andedan yon kokiy zen.
dune	din	Pil sab van voye ki devlope nan peryòd tan, ki gen fòm ki depann de disponiblite sab la, vitès van an ak kantite vejetasyon ki egziste.
dynamic equilibrium	ekilib dinamik	rezilta difizyon kote gen mouvman patikil san rete men pa gen chanjman jeneral nan konsantrasyon an.